

Moun k ap fè fwod yo pral mande w bay yo KAT KADO w la pou yo kapab:



Peye yon dèt IRS

Konsève avantaj Sekirite Sosyal ou yo

Mentni sèvis piblik ou yo (elektrisite, dlo oswa chalè)

Peye pou sipò teknik

Peye pou yon manm fanmi ki nan pwoblèm

Peye yon manm militè ki bezwen lajan

Peye yon kosyon oswa ranson

Evite yo arete w oswa depòte w




Yo pral fè w konnen:

Se yon bagay ijan - pou pa kite pyès moun konn sa a

Ki kat kado pou achte

Pou bay nimewo kat kado a ak PIN nan



Konsèy sou sekirite:

Kat kado yo fèt pou resevwa kado, yo pa fèt pou fè peman

Kontinye itilize magazen ou konnen epi w fè konfyans – evite achte sou sit lavant ozanchè sou entènèt la

Verifye kat la avan w achte li – asire w PIN ki nan do l la pa parèt

Konsève resi w la – sa pral ede w soumèt yon rapò si w pèdi kat kado w la